



LIS POU RETOU LEKÒL

✓ ENSKRIPSYON

Nou ankouraje fanmi yo pou yo enskri pitit yo bonè pou evite pèdi tan. **PREMYE** jou lekòl la se 20 out 2018.

✓ VAKSEN

Asire w pitit ou pran tout vaksen li dwe pran. Pou plis enfòmasyon sou vaksen gratis oubyen nan pri redwi pou pitit ou n ap bay 18 out la, vizite dadeschools.net

✓ PLASMAN NAN OTOBIS

Chèche konnen enfòmasyon sou wout otobis yo alavans. Si ou abite anviwon de (2) 'miles' (apeprè 3 kilomèt) pa rapò ak lekòl pitit ou a, li elijib pou sèvis otobis.

✓ ENFÒMASYON SOU KONTAK

Mete enfòmasyon sou kontak ijans pou pitit ou a ajou nan direksyon lekòl la.

✓ APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS

Prezante enfòmasyon sou orè klas, wout otobis, nòt elèv, e plis toujou. Telechaje aplikasyon mobil la GRATIS atravè 'App store' la oubyen sou 'Google Play.'

✓ ZÒN LEKÒL

Ralanti, siveye e kanpe pou otobis yo. Obsève limit vitès '15 mph' la.

✓ PATISIPASYON PARAN

Fè konesans avèk pwofesè pitit ou a nan kòmansman ane lekòl la. Konsidere pou w ta antre nan PTA oubyen fè volontè nan lekòl pitit ou a.

✓ MANJE

M-DCPS ofri yon dejne gratis, nourisan pou tout elèv. Repa midi disponib pou mwens pase \$3. Peye davans pou repa midi sou Entènèt nan www.PayPams.com.

✓ SWEN APRÈ LEKÒL

M-DCPS ofri 325 pwogram swen aprè lekòl. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon.

✓ SEKIRITE AVAN TOUT BAGAY

Prevansyon! Prevansyon! Prevansyon! Ankouraje pitit ou Di yon Bagay si yo Wè yon Bagay. Yo ka rapòte sa yo wè yon fason anonim nan 305-995-COPS (2677).



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup